

KHUTBAH IDUL FITRI BASA JAWI

**RUSAKKE PASEDULURAN
DADI SEBAB
RINGKIHE UMAT ISLAM**

dening:

Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH IDUL FITRI

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

Shalawat ugi salam munggi tansah kunjuk dumateng suri tauladan kita kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu 'alaihi wasalam*, dalasan para keluarganipun, sahabat, saha sinten kemawon ingkang nderek ugi dados penderekipun dumugi dinten kiamat benjang.

Jamaah shalat Idul Fitri ingkang kula hormati,

Tembe kemawon kita tinilar dening wulan Ramadhan. Wulan ingkang kebak barakah, kebak kabagusan, saha kebak maewu-ewu kautaman sanesipun. Wulan ingkang sak lebetipun wulan punika kita dipun wajibaken nindaki siyam Ramadhan, wulan ingkang kasunahaken shalat tarawih, ugi wulan ingkang den wajibaken ngedalaken zakat fitri, kagem ngresiki awak saha banda, ugi kagem paring bebantu ing piyayi sanes.

Ing akhir-akhir punika kita kathah temahi ugi tingali kathah sanget piyantun ingkang gampil sanget kelawan medhotaken pasederakan, padudon, memengsahan, kepara mboten sekedik ingkang tega sami perjaya-pinerjaya. *Naudzubillahin dzalik.*

Gusti Allah Ta'ala ugi kanjeng Nabi dawuh supados kita umat Islam tansah njagi pasederekan ugi sanget-sanget bendu tumindak ngrisak pasederekan.

Gusti Allah Ta'ala paring dawuh:

وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ ۚ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا

“Lan pada wedio sira kabeh ing Gusti Allah kang token-takon sira kabeh ing Gusti Allah, lan pada wedio sira kabeh saka medhotake paseduluran.” (QS. An Nisa: 1)

Ora amung den larang, medhotke paseduluran uga kaancam kelawan den lebokake ing neraka jahanam.

Saking sahabat Jubair bin Muth'im *radhiyallahu 'anhu*, kanjeng Nabi *shalallahu 'alaihi wasalam* paring dawuh:

لَا يَدْخُلُ الْجَنَّةَ فَاطِعٌ, يَعْنِي: فَاطِعٌ رَحِمٍ

“Ora den lebokake ing surga wong kang demen medhot paseduluran.” (HR. Bukhari 2984 & Muslim no. 2556)

Imam Qadhi bin Iyadh *rahimahullah*, ngendika: “Para ulama’ ora ana beda pendapat babagan wajibe njaga silaturahmi saha dosa gedhene laku medhotake utawa ngrusak paseduluran.” (Syarh Nawawi VIII / 345)

Jamaah shalat Idul Fitri ingkang kula hormati,

Hikmah sanes saking dipun larang ngrisak paseduluran, karonu tumindak niku saged ndamel ringkihipun kekiatan kaum muslimin, sahingga tundanipun gampil dipun kuwaosi saha dipun kawaon-aken tiyang-tiyang kafir.

Saking kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu ‘alaihi wasalam*, Gusti Allah Ta’ala paring ngendika wonten setunggilipun hadits Qudsi:

أَنْ لَا أُسَلِّطَ عَلَيْهِمْ عَدُوًّا مِنْ سِوَى أَنْفُسِهِمْ. حَتَّى يَكُونَ بَعْضُهُمْ يُهْلِكُ بَعْضًا، وَ يَسْبِي بَعْضُهُمْ بَعْضًا .

“Saktuhune Ingsun (Allah) ora bakal gawe wong-wong kafir bisa nguasani sira kabeh (wong Islam), sahingga kedadian sebagian umat Islam merangi (hancurke) sebagian liyane, saha kedadean umat Islam pada saling ala-alanan (saling ngina).” (HR. Muslim no.2669, den sebutake syaikh Abdurrahman bin Nashir As Sa’dy ing dalem kitab Al Qaulu As Sadid hal. 173)

Jamaah shalat Idul Fitri ingkang kula hormati,

Saking keterangan-keterangan ing ngajeng cetha sanget bilih tindak medhotaken saha ngrisak paseduluran saged ndamel tunanipun manungsa ing dalem ndonya ugi akhirat, saha saged ndamel ringkihipun kaum muslimin.

Wondening setengah saking sebab gampilipun tiyang punika ngrisak paseduluran, antawesipun:

Kapisan: Kepanjangan ndonya.

Wong kang kepanjangan kadonyan bakal tega nindaki apa wae ora peduli halal utawa haram, nglarani utawa mateni, ngedohi utawa nggenthingi, sing penting ndoya sing den uber kacekel.

Kanjeng Nabi *shalallahu 'alaihi wasalam*, paring dawuh:

حُبُّ الدُّنْيَا رَأْسُ كُلِّ خَطِيئَةٍ

“Gandrung ndonya iku pangkal sekabehane dosa.” (HR. Al Baihaqi)

Kaloro: Sikap fanatik (ashobiyah) ing golongan ugi kelompok.

Sikap fanatik yaiku kang ngukur bener – luput, ala – becik dasar kelompok utawa golonganane.

Sikap fanatik iku nuwuhake sikap acuh lan mungsuhi ing liyan, utamane kang beda ing golongan utawa Partai-ne. Lamun golongan utawa kancane den gepok senggol den bela mati-matian, ananging mendel mawon rikalane agamane utawa kaum muslimin liya kang dudu golongan den larani.

Mila, kanjeng Nabi *Shallallahu 'alaihi wasallam* banget duka kelawan sikap fanatik punika. Kabukten ing dalem hadits kanjeng Nabi *shalallahu 'alaihi wasalam* paring dawuh:

لَيْسَ مِنَّا مَنْ دَعَا إِلَى عَصِيَّةٍ وَلَيْسَ مِنَّا مَنْ قَاتَلَ عَلَى عَصِيَّةٍ وَلَيْسَ مِنَّا مَنْ غَضِبَ لِعَصِيَّةٍ

“Ora kalebu golonganku sapa wae sing ajak-ajak marang urusan ashobiyyah (fanatik), orang kalebu golonganku sapa wae sing perang utawa padudon awit urusan ashobiyyah, lan ugo ora kalebu golonganku sapa wae sing nesu utawa gething-gethingan sebab urusan ashobiyyah.” (HR. At Tirmidzi ing Aqidatut Tauhid Syaikh Fauzan, hal. 128)

Kaloro: Ora pinter ngendaleni lathi.

Akeh banget kedadean pedhot-pedhotan paseduluran karena lathi kang ora kajagi. Kepara akeh uga kedadean gegelutan nganti paten-patenan uga gara-gara lathi kang ora kajagi.

Imam Al Kalby *rahimahullah*, ngendika: “Lathi sira iku embakke kewan galak, lamun sira ora ngrangkeng kewan iku, temen bakal nyakot sira lan nyakot wong-wong kiwa tengene sira.” (Tazkiyatun Nafs syaikh Ahmad Faridz)

Kaloro: Makar rencanane wong kafir.

Kemungkinan terakhir kedadosan risakipun ukhuwah, inggih punika makar utawi rencanapun tiyang kafir. Inggang pancen tiyang kafir menika tiyang inggang mboten remen kalih islam ugi tiyang islam.

Gusti Allah paring dawuh:

وَلَنْ تَرْضَىٰ عَنْكَ الْيَهُودُ وَالنَّصَارَىٰ حَتَّىٰ تَتَّبِعَ مِلَّتَهُمْ

“Pisan-pisan ora bakal ridha marang awakmu wong-wong Yahudi uga Nashrani, sahingga nira ngenut sing dadi karep lan agamane.” (QS. Al Baqarah: 120)

Jamaah shalat Idul Fitri ingkang kula hormati,

Mekaten pinten-pinten perkawis ingkang saged dados sebab pedhot ugi rusakipun ukhuwah utawi paseduluran. Mugi-mugi kita saged nebihi perkawes-perkawis ing ngajeng, sahingga gesang saha panggesangan kita tansah pikantuk barakah, saha kaum muslimin dados umat ingkag kiat, ingkang mboten gampil ka-adu domba saha ka-kawoanen dening tiyang kafir.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا
وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

